



EXECUTIVE OFFICE OF HEALTH AND HUMAN SERVICES  
COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS  
ONE ASHBURTON PLACE, BOSTON, MA 02108

1ye Mas 2024

Chè Rezidan Massachusetts:

Lèt sa a se pou fè w konnen ou ka kalifye pou **Pwogram Epay Medicare** la, yon pwogram MassHealth administre ki ka ede w peye kèk oswa tout depans Medicare ou yo.

**Apati 1ye Mas 2024, pa gen okenn limit byen pou zafè kalifikasyon.** Sa vle di MassHealth p ap poze w kesyon sou byen w yo, tankou kay ou oswa ekonomi w, lè w ap aplike.

Si ou se yon **benefisyè Medicare epi revni ou enferyè oswa egal ak nivo yo endike anba a, ou kalifye pou pwogram nan epi ou kapab ekonomize jiska \$3,000 pa ane.**

Ou se:	Revni ou enferyè oswa egal ak:
Yonsèl Moun	\$2,824 pa mwa
Yon Koup Marye	\$3,833 pa mwa

## Aplike Jodiya menm!



**Pa Telefòn:** Pou fè yon demann oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan, rele Sant Sèvis Kliyan MassHealth la nan (800) 841-2900, TDD/TTY: 711  
Reprezantan MassHealth yo disponib soti lendi pou rive vandredi, depi 8è A.M. pou rive 5è P.M.



**Sou Entènèt:** Vizite [mass.gov/MedicareSavings](https://mass.gov/MedicareSavings) pou telechaje yon fòm aplikasyon.



Pou jwenn yon konseyè SHINE touprè ou:

- rele MassOptions nan (800) 243-4636; oswa
- vizite [mass.gov/info-details/find-a-shine-counselor](https://mass.gov/info-details/find-a-shine-counselor).

**Pran randevou ak yon konseyè SHINE:** Pou reponn kesyon sou pwoteksyon ou ak avantaj ou yo; epi ede w konprann opsyon ou yo ak pran desizyon.

Ak tout kè mwen,

MassHealth

